

## **BAB I**

### **BUBUKA**

#### **1.1 Kasang Tukang**

Dongéng dina pakumbuhan masarakat Sunda kungsi meunang tempat sarta jadi hiburan anu kacida dipikaresepna. Dina radio-radio, saméméh aya televisi, acara ngadongéng mangrupa acara pangdipikaresepna anu teu weléh ditarunguan. Tukang ngadongéng di radio jadi selebritis sarta loba anu mikaresepna. Unggal bada asar, bari ngadaragoan magrib téh, masarakat di pilemburan, boh kolot boh budak, boh awéwé boh lalaki, sok ngariung di imah anu boga radio, ngadon ngabandungan dongéng énténg pasosoré. Ku kituna, dongéng loba mangaruhan kana hirup-huripna basa Sunda dina jaman harita.

Tradisi ngadongéng di imah-imah anu ditepikeun ku nini ka incuna atawa ku indung ka anakna, kacida hirupna. Basa indung milu hirup ku tradisi ngadongéng anu kungsi ngegeder di unggal imah. Beuki dieu, sabada sarana hiburan beuki loba, tradisi ngadongéng téh beuki kasilep waé. Dongéng-dongéngna ogé beuki loba anu laleungitan, lantaran tradisi tatalépana beuki ngurangan. Tong anéh lamun barudak ayeuna henteu wanoh ka tokoh Sangkuriang, Si Kabayan, sakadang peucang, jsb., lantaran geus tara mireng dongéngna. Maranéhna leuwih apal ka tokoh Ben 10, Sinchan, Naruto, jsb. Sok padahal, dongéng boga peran penting dina nepikeun ajén atikan moral ti hiji entranan ka entranan sapandeurieunana. Nurutkeun Ardini (2012, kc. 45), dongéng mangrupa sarana pikeun ngaoptimalkeun kamekaran moral budak ngaliwatan dunya imajinasi.

Dongéng bisa jadi hiji media anu épéktip pikeun melakkeun sistem ajén-inajén di hiji pakumbuhan masarakat. Di sakola-sakola, ti mimiti TK nepi ka SMA, pangajaran dongéng aya réngkolna dina kurikulum. Pamaréntah dina widang atikan, teu weléh narékahan sangkan tradisi ngadongéng, anu engkéna bakal milu ngahirup-huripkeun basa Sunda. Salian ti diajarkeun di sakola-sakola, ogé unggal taun pamaréntah provinsi Jawa Barat ngaliwatan Dinas Pendidikan Provinsi, ngayakeun pasanggiri ngadongéng anu diiluan ku siswa ti mimiti SD, SMP, nepi ka SMA. Hanjakalna, hirupna dongéng dina kahirupan

siswa téh ngan sakala aya pasanggiri wungkul. Bisa jadi lantaran tradisi ngadongéng ti nini atawa aki ka incuna, indung atawa bapa ka anakna, lanceuk ka adina, di imah-imah urang Sunda geus langka kapanggih. Sok padahal nurutkeun Mulyono (1995, kc. 283) mah dongéng ti indung ka anak téh mangrupa salasahiji cara indung pikeun ngadeukeutkeun tatali batin jeung anakna sarta mangrupa cara ngatik anu épéktip.

Sabada tradisi nulis mimiti ceuyah, dina taun 1881, medal buku kumpulan dongéng Sunda anu dijudulan *Soendanesche Bloemlezing*, susunan *G.J. Grashuis*, citakan kahiji, dipedalkeun ku *A.W. Slithoff-Leiden*. Dina ieu buku dimuat 73 dongéng-dongéng Sunda. Bisa jadi ieu buku kumpulan dongéng téh mangrupa dokuméntasi tinulis munggaran dongéng-dongéng Sunda dina wujud buku. Satuluyna, sabada ngaliwatan waktu kurang leuwih 26 taun, dituturkeun ku medalna buku *Dongéng-Dongéng Pieunteungeun*, anu dikarang ku Radén Haji Moehamad Moesa, sarta dicitak ku Kantor Tjitak Kandjeng Goepnemen, taun 1907. Dina ieu buku dimuat 116 dongéng. Sanggeus dimimitian mah anu ngumpulkeun dongéng-dongéng dina wangun buku (tinulis), beuki loba waé. Upamana dina taun 1910, *Mas Saléh* jeung *Ardiwinata* ngumpulkeun dongéng-dongéng anu sumebar di pakumbuhan masarakat Sunda sarta dibukukeun dina buku kumpulan *Dongéng-dongéng Soenda*.

Taun 1911, *Cornelis Marinus Plyete* anu sok ditelah *C.M. Plyete* ngumpulkeun sajumlahing dongéng dina buku *Pariboga* sarta maké subjudul *Salawé Dongéng-dongéng Soenda*, sarta taun 1914-na disusul ku medalkeun buku *Pariboga II* anu maké subjudul *Roepa-Roepa Dongéng Soenda*, anu dipedalkeun ku Kantor Tjitak Kangdjeng Goepnemen di Betawi. Matak kataji, anjeunna lain bangsa urang, tapi bangsa Walanda jiga *G.J. Grashuis*, anu mikahéman kana warisan budaya Sunda. Eta dua pangarang kahot téh moal samata-mata ngumpulkeun dongéng dina buku anu dicitak, lamun dongéng ukur karya anu eusina ngan sakadar heuheureuyan atawa pikeun hiburan wungkul.

Awal kamekaranana, dongéng téh mangrupa hasil karancagéan mikir kaom intelektual di lingkungan masarakat purba atawa masarakat *niraksara* anu can wanoh kana tulisan. Tujuanna lain pikeun dipamérkeun ka manusa séjénna,

tapi lantaran manéhna ngarasa hélok jeung kataji ku kaéndahan alam nepi ka mangsa anu pikabungaheun éta téh diabadikeun dina hiji karya seni (Taum, 2011:7). Nu matak dongéng-dongéng anu dicaritakeun dina jaman masarakat *niraksara* mah loba patalina jeung sasakala pénoména alam. Upamana sasakala kajadian *kosmos* (dijieunna dunya), sasakala lini, sasakala hujan, sasakala guludug, sasakala kilat, sasakala pasang jeung surudna lambak laut, sasakala gunung, jsb. Unggal sélér bangsa miboga dongéng séwang-séwangan, anu sok sanajan caritana sarua ngeunaan hiji kajadian, tapi bisa ngagunakeun simbol anu béda-béda, gumantung kana kapercayaan masarakat anu hirup di éta tempat.

Dina dongéng-dongéng tradisional Cina, anu dicaritakeun dina buku *Tempatna Gunung Amprok jeung Bulan ( Where the Mountain Meets the Moon)* aya tokoh *Kakék Rembulan* anu nyekel benang takdir unggal jalma sarta cicingna di bulan. Dina tokoh-tokoh caritana kapanggih *sato oray naga* anu sakti mandraguna, anu dingaranan *Naga Giok*. Dina dongéng Sunda mah anu dicaritakeun cicing di bulan téh kapan *Nini Antéh*, sedeng sato anu dikukutna sato *ucing*. Boh ngaran tokoh boh sasatoan anu ngalalakon dina éta dongéng, tangtu jadi hiji simbol tina tradisi masarakat anu ngagelarkeunana.

Conto séjénna, dina dongéng sasakala lini, di wewengkon Indonésia bagian wétan, aya kapercayaan cenah lini téh asal-muasalna tina “*kumbang raksasa*” (bangbara badag) anu nanggeuy alam dunya ngoyagkeun awakna pikeun nganyahokeun masih kénéh aya henteuna manusa anu nyicingan dunya. Ku kituna lamun aya lini, jalma kudu nakolan barang sabangsaning kai , beusi, parabot dapur, jsb., anu tujuanna pikeun ngabéjaan ka bangbara téa yén manusa aya kénéh. Sedeng dina dongéng di lingkungan masarakat Sunda mah anu nanggeuy alam dunya téh cenah munding, di sawatara tempat aya anu diganti ku lauk paus, anu lamun geus cangkeuleun sok ngagédogkeun tandukna.

Dina tradisi masarakat baheula, lamun aya lini kudu buru-buru nabeuh lisung atawa nakolan katél, panci, jsb. , anu tujuanna sarua pikeun ngabéjaan yén di alam dunya téh aya kénéh pangeusina. Sedengkeun dina kapercayaan agama Hindu, kapan anu dipercaya nanggeuy alam dunya téh sato kuya, anu sakapeung-kapeungeun sok ngoyagkeun awakna pikeun néangan mustika tirta amerta. Dina dongéng-dongéng ngeunaan sasakala hiji tempat atawa kajadian,

remen ngagunakeun sasatoan anu jadi simbol tradisi di masarakatna. Tapi teu saeutik deuih anu ngagunakeun simbol-simbol mangrupa barang atawa pagawéan. Naha bet loba nu ngagunakeun simbol mangrupa sasatoan?

Hal ieu tangtu baé lantaran patali jeung mitos anu dipercaya ku masarakatna. Naga mangrupa sato mitos anu jadi lambang kakawasaan, kasaktian, kama'muran jeung kajayaan di Cina. Sedeng ucing mangrupa sato piaraan anu mun di lembur mah saréna ogé pipir hawu, dina harti deukeut jeung awéwé anu ngawasa imah bagian tukang (dapur), nu matak Nini Antéh salaku awéwé Sunda, miarana ucing. Perkara kuya dina agama Hindu, bakal dipesék leuwih jero dina bab satuluyna.

Dina dongéng-dongéng purba, lian ti eusi caritana ngandung unsur anu pamohalan, ogé ngandung hal-hal anu mistis anu patali jeung kapercayaan masarakatna. Unggal sélér miboga ragam carita anu beunghar ku ajén kaarifan lokal (*local wisdom*) masarakatna. Upamana dina buku *Classic Australian Folklore* beunang ngumpulkeun A.K. Macdougall, dongéng-dongéng mite jeung legenda anu sumebar di lingkungan masarakat Aborigin lolobana ngeunaan kumaha carana nyieun seuneu, asal-usul panonpoé anu cenah mimitina tina cahaya awéwé, kumaha mimitina panonpoé dijieun, jsb. Nurutkeun Taum (2011, kc.9):

*Sastra lisan itu memiliki makna-makna semantik yang diaforik, phora 'gerak' dia 'melalui' yaitu elemen-elemen sastra lisan itu memiliki petunjuk yang tinggi dan memiliki kecocokan emotif dengan adat suku-suku yang terumuskan dalam tradisi suku-suku tersebut. Pengalaman estetis itu merupakan sesuatu yang khas manusiawi, sehingga penelitian mengenai pengalaman itu dapat berguna untuk mengenal manusia dan komunitasnya secara lebih baik dan mendalam.*

Tina ungkara tadi katitén yén sastra lisan téh mibanda ma'na-ma'na anu nyamuni anu bakal ngahubungkeun anu maca atawa mirengkeunna jeung tradisi atawa adat-istiadat hiji kelompok masarakat anu ngagelarkeunana. Dina harti, sastra lisan téh ngandung artépak (pikiran) *arkéologi* budaya anu mibanda simbol-simbol anu tangtu, sarta mibanda ma'na anu patali jeung kahirupan hiji masarakat. Lamun simbol-simbol éta téh dikoréhan, diludang ma'na anu nyumput satukangeunana, tinangtu bakal jadi hiji pituduh kana adat istiadat hiji kumpulan masarakat.

Dina proses nyiptakeun (ngarang) sastra lisan, kacida dipentingkeunana aspék *mimesis* nyaéta representasi, niru-niru, nulad, atawa ngabayangkeun kanyataan. Manusa, kaasup tukang nyieun carita, henteu nyiptakeun hal anu anyar sacara sosoranganan. Nyiptakeun sastra lisan salawasna ngandung harti nulad kanyataan atawa niron karageman (*konvensi*) pangarang-pangarang saméméhna (Taum, 2011, kc. 14). Jadi, bisa dicindekkeun sastra lisan téh mangrupa “daur ulang” tina kanyataan anu aya sabudeureunna atawa tina karya-karya anu geus nyampak saméméhna, boh ngalaman parobahan boh henteu, gumantung ka nu nepikeunana.

Dongéng anu kaasup kana sastra lisan (*oral literature*), mangrupa hiji média pikeun melak jeung ngawariskeun sistem budaya (*cultural sistem*) ogé sistem ajén (*Value sistem*) ti hiji entragan ka entragan satuluyna. Média dongéng geus kabuktian mangrupa hiji média anu ampuh pikeun melakkeun sistem ajén di lingkungan hiji masarakat, lantaran caritana anu “dikemas” matak kataji jeung matak resep anu nganbandungan. Paktor anu ngadongéngkeunna ogé mangaruhan kana kakuatan carita anu ditepikeun. Dina dongéng geus tangtu ngandung pituduh-pituduh ngeunaan adat istiadat hiji kumpulan masarakat anu ngegelarkeunana. Lian ti kitu, dongéng ogé mangrupa rékacipta tina kanyataan-kanyataan anu kungsi kabandungan atawa kaalaman ku nu ngarangna di hiji lingkungan masarakat.

Dongéng téh sok disebut carita balaréa, dina harti dongéng téh bogana masarakat. Disebut bogana masarakat téh lantaran dongéng mah tara kapaluruh saha anu ngarangna. Biasana geus nyampak di masarakat sarta ditarima ku anggota masarakat mangrupa warisan ti entragan saméméhna (Wibisana, 2000, kc. 207).

Dina awal kamekaranana, sumebarna sacara tatalépa ti hiji jalma ka jalma séjénna, diwariskeun ti indung atawa bapa ka anakna, dicaritakeun ku guru ka muridna, atawa ti babaturan ka babaturan séjénna. Taya nu bisa ngira-ngira geus sabaraha rébu taun umur dongéng téh. Bisa waé urang ngira-ngira jaman naon éta dongéng medalna lamun gemet nengetan latar, situasi sosial, jeung data budaya anu kasabit dina éta dongéng. Upamana, aya dongéng anu nyabit-nyabit agama, bisa dipastikeun éta dongéng medal bareng jeung datangna éta agama ka

tanah Sunda. Lamun dina dongéng nyaritakeun ngeunaan déwa-déwa ti kayangan, bisa dikira-kira éta dongéng medal dina jaman agama Hindu. Tapi lamun nyaritakeun Gusti Allah, tangtu dina jaman agama Islam.

Najan ieu pamanggih can bisa dipastikeun bener henteuna, lantaran bisa ogé éta dongéng téh geus aya ti béh ditu mula, tuluy dicaritakeun deui ku jalma ti jaman béh dieu sabadana aya agama anu dicaritakeun téa. Atawa bisa ogé, anu tadina dina dongéng téh nyaritakeun déwa, basa dicaritakeun ku nu nganut agama Islam diganti ku Gusti Allah.

Hal ieu bisa kajadian, lantaran kapan dongéng mah carita lisan téa, anu miboga sipat dinamis. Dina nyaritakeunana ngalaman parobahan-parobahan diluyukeun jeung saha anu nyaritakeunana, keur saha éta dongéng ditujulkeunana, dina jaman naon didongéngkeunana, jeung dina suasana kumaha ngadongéngkeunana.

Dongéng sasatoan, miboga tempat anu mandiri dina hasanah tradisi sastra lisan sarta diajarkeun di sakola-sakola di sakuliah dunya. Patali jeung ieu hal, Muniroh (2015, kc. 145) nétélakeun yén ngagunakeun karya sastra dina wanda carita-carita anu ngasongkeun ajén-inajén, leuwih kuat mancing partisipasi siswa dina ngaanalisis jeung nyangkem ajén-inajén anu hadé.

Unggal bangsa miboga sato paporit anu béda pikeun jadi tokoh caritana. Biasana tokoh sato anu dipilih téh anu dalit jeung masarakat sarta mibanda karakter anu luyu jeung ajén moral anu rék ditepikeun dina éta dongéng. Upamana di daratan Eropa (Walanda, Jerman, jeung Inggris) aya tokoh Reinard de fox nyaéta karakter sato rubah/ajag. Di Amerika di kalangan warga Negro aya Brer Rabbit anu mangrupa karakter kelenci, di kalangan warga Indian aya coyote, ajag, manuk gagak, jeung lancah. Atuh ka dieunakeun aya karakter Bernard si tokoh sapi jeung shaun de sheep, tokoh sato domba. Di Indonesia aya Sakadang Kancil, Buaya, Kuya, jeung Monyéti anu sok jadi tokoh séntral dina dongéng-dongéng téh.

Dina dongéng *Sakadang Kuya jeung Monyéti*, ngawakilan dua karakter anu kacida patukang-tonggongna. Kuya anu boyot jeung monyéti anu gesit. Kuya anu polos jeung monyéti anu licik. Dua sato anu kacida kontradiktipna anu dina caritana sosobatan tapi teu weléh siliakalan. Tokoh kuya jeung monyéti dipilih jadi

tokoh sato paporit dina dongéng-dongéng Sunda, tangtu baé lain ngan sakadar pikeun hiburan, sangkan barudak anu jadi sasaran utama paregep dongéng raresepeun, tapi aya ma'na-ma'na anu tangtu anu nyamuni satukangeunana. Kapan barudak Sunda mah leuwih deukeut jeung ucing atawa hayam, tibatan jeung kuya atawa monyét mah. Nurutkeun Moriyama (2015, kc. 123) ngeunaan dongéng *Sakadang Kuya jeung Monyét* saolah-olah nyaritakeun anu licik dina ahirna bakal rugi sarta meunang ditipu. Hal ieu ngajadikeun dipikaresep ku barudak, lantaran barudak resep kana carita anu lucu sarta anu licik katipu.

Dina milih karakter kuya jeung monyét pikeun jadi média atikan di pakumbuhan masarakat Sunda, tangtu aya alesan-alesan anu dijadikeun tinimbangan ku anu ngarang ieu dongéng. Lantaran lamun nilik kana tokoh sato anu dijadikeun karakter dongéng, *Sakadang Kuya jeung Monyét* mah asli tina dongéng Sunda, béda jeung Kancil (Sakadang Peucang) anu hirup ogé dina sastra Jawa jeung Indonésia, najan lamun niténan kana katerangan anu disebutkeun ku C.M. Pleyte mah cenah éta dongéng Sakadang Peucang téh asal muasalna ti Banten. Hal ieu luyu jeung pamanggih Tamsyah (1996, kc.122) anu negeskeun: “Dongéng-dongéng *Sakadang Kuya jeung Sakadang Monyét* téh bisa jadi mangrupa dongéng pituin urang Sunda.”

Pikeun dongéng sakadang kancil, geus loba sarjana-sarjana Walanda anu nalungtik eusina. Upamana J.L.A. Brandes (1903) kungsi nulis artikel anu eusina medar dongéng *Sang Kancil dan Siput* (Sakadang Peucang jeung Sakadang Kéong), jeung *Sang Kancil di Kebun Mentimun* (Sakadang Peucang Maling Bonténg). Lian ti éta, B.C. Humme ogé nalungtik dongéng *Sakadang Peucang Maling Bonténg*, W. Palmer van den Broek nalungtik dongéng-dongéng sakadang peucang (Danandjaya, 1994, kc. 87).

Di Indonésia sorangan, dina panalungtikan-panalungtikan anu geus dilaksanakeun di paguron luhur, boh tesis boh skripsi, masih langka anu nalungtik dongéng Sunda téh. Tim panalungtik ti Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa Departemen Pendidikan dan Kebudayaan Jakarta, kungsi medalkeun buku anu patali jeung panalungtikan dongéng anu dijudulan *Sastra Lisan Sunda; Mite, Fabel, dan Legenda*, anu obyék panalungtikanana dongéng-dongéng ti Kabupaten Ciamis, Tasikmalaya, Cianjur, Sukabumi, Purwakarta, jeung wilayah Banten.

Tapi dina panalungtikanana teu kasabit-sabit perkara dongéng *Sakadang Kuya jeung Monyét*. Malah di UPI mah, lolobana dongéng téh ditalungtik pikeun bahan pangajaran atawa kumaha cara ngajarkeunana. Upamana panalungtikan *Mekarkeun Bahan Ajar Dongéng dina Buku Teks Pamekar Diajar Basa Sunda; Analisis Relevansi Jeung Gradasi Materi Ajar dina Buku Teks Jeung Kurikulum 2013*, beunangna An An Andriyani mahasiswa Pascasarjana UPI prodi Bahasa jeung Budaya Sunda (2014).

Panalungtikan ngeunaan simbol artépak budaya Sunda geus loba digarap ku Jakob Sumardjo, tapi anu patali jeung simbol-simbol artépak anu aya dina Carita Pantun, upamana dina buku *Simbol-Simbol Mitos Pantun Sunda, Hermeneutika Sunda; Simbol-Simbol Babad Pakuan/Guru Gantangan*, jeung *Simbol-Simbol Artépak Budaya Sunda; tafsir-tafsir pantun Sunda*.

Sedengkeun ngeunaan dongéng-dongéng *Sakadang Kuya jeung Sakadang Monyét*, masih langka kénéh anu nalungtik, malah panalungtik can kungsi manggihan hasil panalungtikanana. Bisa jadi lantaran ieu dongéng dianggap ukur keur kapentingan hiburan wungkul atawa dianggap lain karya anu daria anu mibanda ajén atikan luhur, sarta luyu (relevan) jeung kahirupan. Sok padahal ieu dongéng ngandung ajén atikan anu kacida luhurna sarta dina eusina ngandung simbol-simbol artépak budaya anu raket patalina jeung kahirupan urang Sunda. Nurutkeun Sumardjo (2015, kc. 14), idéntitas kaarifan lokal anu mangrupa tata niléy bisa dilacak tina artépak-artépak budayana, tapi lain artépakna sorangan anu jadi idéntitas lokalna. Urang kudu ngagulang-gapér artépak pikeun ngoréhan ma'na anu nyamuni satukangeunana.

Naon anu dimaksud kaarifan lokal sabenerna manggihan palasipah kabudayaan anu nyamuni satukangeun artépak budaya téa. Satuluyana Sumardjo ogé nétélakeun rasiah dina ngungkab ajén-inajén kaarifan lokal tina hiji artépak gumantung kana seukeutna maca simbol-simbol budayana. Ku kituna, sangkan bisa ngaguar ajén-inajén anu aya dina dongéng “Sakadang Kuya jeung Monyét”, perlu diguar heula ma'na simbol-simbol budaya anu dipaké dina éta dongéng.

Lantaran ieu panalungtikan bakal museur kana perkara ngaguar struktur carita jeung ma'na simbol-simbol budaya dina dongéng “Sakadang Kuya jeung



Monyét”, ku kituna dijudulan “Struktur jeung Simbol Budaya Sunda dina Dongéng Sakadang Kuya jeung Monyét”.

### **1.2 Rumusan Masalah**

Dongéng-dongéng Sunda téh kacida réana. Lamun nurutkeun kana jenis-jenis dongéng anu digolongkeun ku Tamsyah (1996, kc.121) dongéng Sunda téh aya tujuh jenis. Dina unggal dongéng, tangtu baé ngandung simbol-simbol budaya anu bisa disurahan pikeun ngaguar ajén-inajén atikan anu aya dina éta dongéng sarta ajén palasipah kahirupan masarakat anu ngagelarkeunana. Najan sakumaha cétékna eusi hiji dongéng, lamun seug diteleban bakal karasa ngandung ajén-inajén, boh anu picontoeun boh anu sakadar pieunteungeun. Dina dongéng-dongéng sasatoan, sok sanajan anu ngalalakonna sato, tapi kapan ngagambarkeun laku lampah manusa sarta eusina tangtu baé ditujulkeun ka manusa. Loba pisan sasatoan anu dijieun karakter tokoh dina dongéng-dongéng Sunda, upamana peucang, buaya, maung, kuya, jeung monyét. Kitu deui ajén-inajén anu dikandungna loba pisan. Ku kituna, dina ieu panalungtikan bakal diwatesanan ngan ukur nalungtik struktur jeung simbol-simbol budaya Sunda anu aya dina dongéng “Sakadang Kuya jeung Monyét” wungkul.

Masalah-masalah anu bakal ditalungtik dirumuskeun saperti ieu di handap:

- 1) Kumaha struktur carita (téma, fakta-fakta carita, jeung sarana-sarana sastra) dina dongéng “Sakadang Kuya jeung Monyét”?
- 2) Simbol budaya Sunda naon waé anu aya dina dongéng “Sakadang Kuya jeung Monyét”?
- 3) Kumaha parobahan ngagunakeun simbol-simbol budaya dina dongéng “Sakadang Kuya jeung Monyét”?

### **1.3 Tujuan Panalungtikan**

Sakumna panalungtikan, tangtu mibanda tujuan-tujuan anu nyoko kana kapentingan élmu pangaweruh. Ieu panalungtikan mibanda dua tujuan, nyaéta:

### 1.3.1 Tujuan umum

Sacara umum, dina ieu panalungtikan bakal ngungkab ajén-inajén budaya Sunda anu aya dina dongéng “Sakadang Kuya jeung Monyét”. Minangka hiji produk budaya anu digelarkeun di jaman masarakat *niraksara* (can bisa nulis jeung maca), dongéng mangrupa representasi tina pamikiran-pamikiran masarakat anu ngagelarkeunana. Ku kituna, penting neleban hasil budaya masarakat jaman bihari pikeun ngabeungharan pangaweruh budaya masarakat jaman kiwari.

### 1.3.2 Tujuan Husus

Maksud jeung tujuan diayakeunna ieu panalungtikan téh nyaéta pikeun mikanyaho jeung ngadéskripsikeun:

- 1) Struktur carita dongéng “Sakadang Kuya jeung Monyét” pikeun ngungkab téma, pakta-pakta carita, jeung sarana-sarana sastra anu aya dina éta dongéng.
- 2) Simbol budaya Sunda dina wujud kabudayaan anu aya dina dongéng “Sakadang Kuya jeung Monyét”.
- 3) Parobahan simbol budaya anu digunakeun dina dongéng “Sakadang Kuya jeung Monyét”.

## 1.4 Mangpaat Panalungtikan

Unggal panalungtikan tangtu baé kudu aya mangpaatna, pangpangna keur kapentingan balaréa. Kukituna, dina ieu panalungtikan dipiharep bisa méré mangpaat, boh keur kapentingan téoritis boh keur kapentingan praktis.

### 1.4.1 Mangpaat Tioritis

Keur kapentingan tioritis, ieu hasil panalungtikan téh dipiharep bisa:

- 1) Sabada dilaksanakeun panalungtikan dipiharep jadi pangdeudeul tiori pikeun panalungtikan satuluyna.

- 2) Jadi bahan tatapakan dina enggoning ngebedah ajén inajén anu nyampak dina karya- karya sastra Sunda lisan séjénna. Lian ti éta, dipiharep ieu ulikan téh bisa ngalengkepan ulikan-ulikan séjénna ngeunaan dongéng-dongéng Sunda anu geus dipigawé saméméhna.

#### **1.4.2 Mangpaat Praktis**

Mangpaat praktis ieu panalungtikan utamana dipiharep bisa digunakeun pikeun:

- 1) Ngajembaran aprésiasi kana karya sastra utamana anu patali jeung karya sastra lisan (*orality literature*), anu danget ieu mah dibaracana téh ukur keur kapentingan pangajaran atawa élmu pangaweruh wungkul, lain keur kapentingan nyumponan pangaresep atawa kalangenan maca.
- 2) Ngajembaran pangaweruh ngeunaan simbol-simbol artépak budaya Sunda pikeun mikawanoh deui jati dirina.
- 3) Ngangkat ajén kaarifan lokal pikeun ngawangun karakter manusa Sunda anu masagi pangartina, weruh disemuna, jembar budayana, sarta rancagé haténa.

### **1.5 Raraga Tulisan**

Hasil ieu panalungtikan bakal disusun dina karya tulis anu ngawengku lima bab, anu sistematikana:

#### **Bab 1 Bubuka**

Dina ieu bab didadarkeun kalawan jéntré kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah anu jadi ambahan panalungtikan, tujuan umum jeung husus anu dipiharep bisa kahontal ku ieu panalungtikan, mangpaat anu bisa dicokot tina ieu panalungtikan, boh sacara tioritis boh sacara praktis, wangenan operasional variabel anu dipaké dina panalungtikan, jeung sistematika laporan panalungtikan.

## **Bab II Ulikan Pustaka**

Dina ieu bab ngadadarkeun sajumlahing konsép poko anu dipaké tatapakan panalungtikan pikeun nyawang jeung mesék masalah-masalah anu ditalungtik. Éta konsép poko téh sumberna tina buku-buku atawa bahan bacaan séjén anu luyu (relevan) jeung masalah panalungtikan sarta dijieun rujukan konséptual jeung tioritis. Dina ieu bab bakal diguar naon anu dimaksud dongéng, struktur dongéng, artépak budaya Sunda, jeung anu dimaksud tilikan semiotik sakumaha pamanggih paraahli dina éta widang, jeung kumaha dipakéna éta tiori enggoning ngabedah bahan panalungtikan.

## **Bab III Metode Panalungtikan**

Dina ieu bab bakal dijéntrékeun desain panalungtikan sangkan kagambar kumaha alur panalungtikan anu bakal digarap, ti mimiti pamarekan panalungtikan anu dilarapkeun, métode panalungtikan anu digunakeun, prosés mekarkeun instrumén panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, distribusi data, sarta kumaha prosedur atawa léngkah-léngkah panalungtikanana.

## **BAB IV Hasil Panalungtikan**

Dina ieu bab ngadéskripsikeun hasil panalungtikan anu dipatalikeun jeung hasil kajian pustaka dina Bab II. Kalawan jéntré bakal didadarkeun simbol-simbol artépak budaya naon waé anu kapanggih dina éta dongéng, boh anu mangrupa barang boh anu mangrupa palaku jeung kalakuanana, ngaliwatan kode-kode basa anu dipaké dina éta dongéng. Ku ngaanalisis struktur caritana sarta tanda-tanda anu muncul dina éta carita sacara gemet, bakal diungkab ma'na-ma'na budaya lokal anu nyampak, anu ngagambarkeun ajén kaaripan lokal masarakat Sunda.

## **Bab V Kacindekan jeung Saran**

Dina ieu bab bakal ditembrakkeun kacindekkan tina hasil panalungtikan sarta ditepikeun ogé sawatara saran patali jeung hasil panalungtikan, pangpangna rékoméndasi naon baé kagunaan ieu hasil panalungtikan téh.